

Kenbe timoun ki poko gen senkan an sante apre yo fin ekspoze a tibèkiloz:

Kisa paran yo bezwen konnen

Tibèkiloz (TB) gaye nan lè a. Ou ka respire jèm ki lakòz TB a si w pase tan ak yon moun ki malad ak TB. Si yon timoun ki poko gen senkan (5) respire jèm TB a, li ka vin malad trè vit.


Touse oswa gen lafyèv pou 2-3 semèn oswa plis



Ou santi w malad, fèb, oswa fatige




Jwe mwens pase nòmal



Pa manje oswa tete byen



Pèdi pwa oswa pa pran pwa



Kijan mwen ka kenbe pitit mwen an sante?

Si w konnen pitit ou a te an kontak ak yon moun ki malad ak TB, kontakte depatman sante piblik lokal ou a pou ede pitit ou a jwenn swen li bezwen an. Tès ak tretman ka ede pitit ou a an sante.

Pitit ou a ta dwe wè yon founisè swen sante pou yon egzamen fizik, yon radyografi pwatrin, ak yon tès po TB oswa yon tès san TB. Doktè a ka rekòmande medikaman menmsi tès pitit ou a negatif.

Poukisa yo rekòmande medikaman si tès TB pitit mwen an negatif?

Sa ka pran jiska de mwa pou yon tès TB vin pozitif apre pitit ou a te fin ekspoze a jèm TB a. Li enpòtan pou bay kò pitit ou a ase tan pou montre si li te respire TB. Si premye tès TB yo a negatif, pitit ou a ka bezwen yon dezyèm tès nan kèk semèn.

Gen medikaman pou pwoteje timoun piti pandan y ap tann dezyèm tès yo. Tretman sa a rele Window Preventive Treatment. Timoun ki poko gen senkan (5) gen plis chans pou yo vin malad byen vit ak TB, kidonk pwoteksyon bonè pandan peryòd tan sa a trè enpòtan.

Kijan pitit mwen ap santi l pandan l ap pran TB Window Preventive Treatment?

Pifò timoun tolere medikaman TB trèbyen. Si yo gen nenpòt sentòm ki ba ou enkyetid, tanpri enfòme doktè pitit ou a.

Kisa ki pral rive apre dezyèm tès TB a?

Apre dezyèm tès la, doktè pitit ou a ap detèmine si yo bezwen kontinye pran medikaman an.